

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, mangrupa salahsahiji karya sastra modéren anu miboga ajén-inajén anu luhung diantarana nya éta ajén moral sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun nambahnan pangaweruh dina widang sastra.

Sabada nganalisis struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata pikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII, dihasilkeun sababaraha kacindekan ngeunaan struktur dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot*, jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot*.

Struktur kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh ngawengku: téma, palaku, jeung watek palaku, galur, latar, puseur sawangan, jeung amanat. Téma anu kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata téh aya lima, nya éta: (1) Moral, (2) Kanyaah, (3) Sosial, (4) Tanggung jawab, jeung (5) Kaagamaan (réligi). Carpon *Jang Oman* aya 9 Palaku anu kabagi jadi dua golongan, nya éta palaku utama jeung tambahan *Jang Oman* mangrupa palaku utama, Pa Ulis, Ma Ulis, Mimin, Dedi, Endang, Arhadi, Miharja, jeung Sanroip mangrupa palaku tambahan dina éta carita. Carpon anu judulna *Kanyaah Kolot* aya 8 palaku, anu jadi palaku utamana dina éta carita Pa Wianta, palaku tambahanna dina éta carita nya éta Ma Isah, Mang Wihardi, Udi, Mang Uka, Bi Imi, Sukarya, jeung léknan Maman. Carpon *Néng Yaya Gering*

*Tipes*, dina éta carita aya 9 palaku, éta palaku téh aya palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utama dina éta carita nya éta Néng Yaya, palaku tambahanna Bi Imi, Mang Endang, Wiharma, Lanceuk Néng Yaya, Tori, Mang Wijatma, Sustwer, jeung Dokter. Dina carpon anu judulna *Jurig Bungkeuleukan* aya 13 palaku, éta palaku téh kabagi dua golongan palaku utama jeung tambahan. Palaku utama dina éta carita téh Guru Suherman, palaku tambahanna nya éta Mang Murnasan, Guru Sunarya, Guru Sunardi, Tini Sugiartini, Ma Cioh, Si Talim, Si Karsa, Si Tarma, Si Emong, Guru Nadi, Guru Bahrun, Si Arhapi, jeung Si Ésih. Carpon *Buah Limus Murag ku Angin*, aya 9 palaku anu kabagi jadi dua golongan nya éta palaku utama jeung tambahan. Palaku utama dina éta carita Sudira, nu jadi palaku tambahanna nya éta Abas, Suparya, Isah, Pamajikan Suparya, RT, RK, Budak Si Oléh, jeung Pulisi. Carpon *Ngati Dawuh*, nu ngalalako dina éta carita aya 7 palaku, nu kabagi jadi dua golongan nya éta palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utama dina éta carita téh Nonéng, palaku tambahanna nya éta Sudira, indungna Nonéng, bapa Nonéng, Kuwu, Wirja, Mang Oyo, jeung Bi Murkiah. Carpon anu judulna *Kanyaah*, palaku dina éta carita aya 6 palaku, anu kabagi dua golongan nya éta palaku utama jeung tambahan, nu jadi palaku utama dina éta carita téh Sudira. Asih, Budak nu cikal, Panengah, Budak nu leutik, Mantri klinik Duryana jeung Lebé mangrupa palaku tambahan. Carpon *Naib Cidahu*, nu ngalalakon dina éta carita aya 9 palaku anu kabagi dua golongan nya éta palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utama dina éta carita téh Ua. Palaku nu lianna nya éta palaku tambahan Ema, Soléh, Pa

Naib, Budak anu pengleutikna, RT, Néng Sarifah, Si Uja, Misja, Miska, Saefudin, Pa Wikarta jeung Aki Jamhari.

Palaku anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh jumlahna aya 70. Éta 70 palaku téh kabagi jadi dua golongan, nya éta 8 palaku utama jeung 62 palaku tambahan. Galur anu kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh aya opat, nya éta galur mérélélé, mobok tengah, sorot balik, jeung mangnyaritakeun. Latar dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh aya 102. Éta latar téh kabagi jadi tilu, nya éta: (1) latar tempat aya 40, (2) latar waktu aya 34, jeung (3) suasana aya 28. Puseur sawangan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* aya dua gaya, nya éta caturan jalma kahiji jeung caturan jalma katilu. Amanat anu kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* nya éta aya 2 ngeunaan ulah loba bohong, aya 2 ngeunaan hirup mangrupa perjuangan, aya 1 ngeunaan yén kudu ati-ati dina ngalakukeun hiji hal, aya 1 ngeunaan sangkan sauyunan, aya 1 ngeunaan bakti anak ka nu jadi kolot jeung aya 1 ngeunaan sabar.

Ajén moral dumasar kana téma dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh ngawengku, moral aya 3 (38%), kanyaah aya 1(13%), sosial aya 2 (25%), tanggung jawab aya 1 (13%), jeung kaagamaan aya 1(13%). Ajén moral dumasar amanatna, nya éta loba bohong aya 2 (25%), perjuangan aya 2(25%), ati-ati aya 1(13%), sauyunan aya 1 (13%), bakti anak ka kolot 1 (13%), jeung sabar aya 1(13%). Ajén moral dumasar kana palaku anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* téh nya éta 111 ajén moral. Dumasar kana hadé-goréngna ajén moral, tina 111 ajén moral téh,

aya 56 (50,46%) ajén moral anu hadé (+), jeung 55 (49,54%) ajén moral anu goréng (-). Dumasar kana hubungan horisontal jeung vértikalna éta ajén moral, tina 111 ajén moral téh, aya 98 (88,28%) ajén moral anu hubunganana horisontal, jeung 13 (11,71%) ajén moral anu hubunganana vértikal. Dumasar kana nembrak-nyamunina (éksplisit-implisit) éta ajén moral, tina 111 ajén moral téh, aya 38 (34,23%) ajén moral anu nembrak dina éta kumpulan carpon, jeung 73 (67,76%) ajén moral anu nyamuni dina éta kumpulan carpon.

Patalina ngeunaan moral jeung eusi ieu carita pondok anu dibukukeun dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata téh nya éta ngeunaan naon-naon anu karandapan jeung karasa ku para palaku dina ieu carita, tumali jeung tanggung jawab jeung haté nurani. Ku kituna ajén moral anu pangmindengna kapanggih nya éta ngeunaan kanyaah.

Tina dalapan judul carpon anu dikumpulkeun dina buku kumpulan carpon kanyaah kolot karya Karna Yudibrata téh anu nyumponan sarat pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca dumasar kana téma jeung amanatna aya opat nya éta: (1) *Kanyaah Kolot* (2) *Nganti Dawuh* (3) *Kanyaah* (4) *Naib Cidahu*. Ieu carpon téh ngandung anjén-inajén anu luhung, umpamana ngeunaan tanggung jawab jeung silih pikanyaah jeung silih ingetan papada jalma.

## 5.2 Saran

Sabada nalungtik struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran:

- 1) pikeun anu maca, kumpulan carpon *kanyaah kolot* téh ditilik tina eusina loba pisan ajén-inajén anu luhung salahsahijina nya éta ajén moral. Nu maca bisa nyokot hikmah, pieunteungeun dina kahirupan;
- 2) pikeun lembaga atikan, karya sastra modéren hususna kumpulan carpon *kanyaah kolot* bisa dijadikeun bahan pangajaran maca, utamana di smp kelas VII;